



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE LEJISLASYON POU KONBAT LAVANT KANABIS ILEGAL ATRAVÈ APLIKASYON AMELYORE

Pwopozisyon Eta Leta a elaji otorite Biwo Jesyon Kanabis ak Ajans Gouvènman Lokal yo pou mete anba kadna magazen yo k ap vann kanabis san lisans

Efò pou fèmen aktivite sou mache ilegal yo pral sipòte mache kanabis legal ak ekitab k ap grandi nan New York

Mezi yo pral elaji pouvwa Gouvènè Hochul te siyen nan adopte bidjè ane fiskal 2024 la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri aksyon pou bay plis pouvwa aplikasyon pou konbat lavant ilegal kanabis nan kad diskou Eta Leta 2024 li a. Efò sa yo pral konsantre sou fèmen biznis kanabis san lisans ki te kontinye ouvri ak opere nan tout eta a san lisans, sa ki kreye nwizans nan kominote yo epi yo souvan vann pwodwi ki pa teste ki gen orijin enkonni.

"Pandan n ap kontinye konstwi ak elaji mache legal kanabis ki pi ekitab nan nasyon an, nou pa ka kite operatè ilegal ak tèt di yo deranje sante piblik ak menase katye nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane pase a, nou te adopte nouvo lwa pou mete anba kadna biznis operatè ilegal yo, men nou konnen gen plis bagay ki pou fèt epi nou bezwen plis zouti pou fè sa. Nou pral kontinye travay ak lidè lokal yo, ki gen ladann nan Vil New York, pou fèmen magazen ilegal kanabis la yon fwa pou tout."

Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo pral ranfòse travay otorite pou fè aplike lwa yo pou akselere fèmte biznis ki pa gen lisans epi dekouraje aktivite ilegal sa a. Mezi yo pral gen ladan elaji pouvwa Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) pou senplifye pwosesis mete anba kadna boutik ilegal yo, otorize gouvènman lokal yo egzekite lòd pou mete anba kadna OCM bay yo pou asire aksyon rapid pou fèmen dispansè ki pa gen lisans, epi etabli rejis lokal biznis kanabis ki gen lisans pou ede ak bay gouvènman lokal yo otonomi, tankou Vil New York, pou yo mete anba kadna biznis ki pa gen lisans atravè pwòp lwa ak resous pa yo. Efò kolaborasyon sa yo pral ede mache legal kanabis New York k ap grandi, ki bay ti biznis ak antreprenè ekite yo priyorite.

New York ap konstwi yon nouvo mache solid ki chita sou yon kad ekite sosyal ki pral jenere plizyè milyon dola nan revni pou Eta a ak kominote yo ke eritaj kriminalizasyon kanabis deranje. Lè nou pran aksyon desizif kont biznis kanabis ki pa gen lisans, Eta New York ap fè yon gwo pa nan direksyon pou konbat operasyon kanabis ilegal ki mete an danje sekirite piblik, byennèt konsomatè yo, ak entegrite mache legal kanabis Eta New York la.

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, Chris Alexander, te deklare, "Lè Nouyòkè yo chwazi achte nan yon dispansè legal pou adilt, yo konnen ki kote pwodwi yo soti, yo te teste pwodui kanabis sa yo, epi ti biznis sa yo ap re-vesti nan kominote nou yo. Kòm plis lokal vant an detay ap ouvri pòt yo pou kliyan atravè eta a, nou dwe klè sou ki kalite mache n ap konstwi. Avèk ekspansyon pouvwa aplikasyon Gouvènè Hochul pwopoze a, nou dwe elaji efò nou yo pou konstwi yon mache kote ti biznis ki swiv règleman yo, gen chans pou yo fè konpetisyon. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman fèm li ak investisman li pou fè sa ki kòrèk la."

Kounye a, gouvènman lokal yo gen pouvwa pou yo chèche lòd pou fèmti nan men Tribinal Siprèm Eta a, pouswiv pwopriyete ki pa degèpi lokatè komèsyal k ap vann kanabis san lisans, epi arete ak pouswiv pwopriyete biznis k ap vann kanabis nan magazen san lisans, ki se yon deli Kategori A. Anplis de sa, gouvènman lokal yo ka itilize lwa lokal ki egziste deja oswa adopte nouvo lwa lokal yo pou adrese aktivite ilegal ki pa gen lisans, tankou Lwa sou Nwizans Vil New York la, Kòd Sante Vil New York la, ki pèmèt mete anba kadna magazen ki pa otorize ki fabrike oswa vann manje ki gen pwodwi kanabis yo. Vil Buffalo te etabli yon lwa an 2023 pou pèmèt yon penalite 1,500 dola pa jou si yo pa afiche yon lisans ki soti nan Biwo Jesyon Kanabis. Gouvènman lokal yo ka fè arestasyon epi pouswiv lòt krim ki gen rapò ak kanabis dapre Lwa Penal la, tankou lavant bay minè, yon krim Kategori B.

Pandan tout ane 2023, enspektè OCM ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) te ale nan 381 kote, ki gen ladan 105 re-enspeksyon, ki mennen nan plis pase 11,800 liv kanabis ilegal yo te sezi ki vo plis pase 57 milyon dola. Envestigatè OCM ak DTF yo pral kontinye enspeksyon yo chak semèn atravè Eta a an 2024 pou fèmen operatè ilegal yo pandan yon nouvo vag dispansè legal ap ouvri pòt yo pou biznis. Anplis de sa, nan dat 20 desanm, investigatè OCM, DTF, ak Biwo Pwokirè Jeneral (Attorney General's Office, OAG) Eta New York la fèmen epi mete anba kadna Big Chief Smoke Shop, yon gwo magazen kanabis ilegal ki opere nan Bay Ridge, Brooklyn, paske l ap opere san lisans. Lidè kominote lokal yo te konfwonte vokalman Big Chief Smoke Shop epi konsèy kominotè lokal la te pase yon rezolisyon inanim pou fèmen magazen ki pa gen lisans nan katye pa yo. Sa a se te nevyèm aksyon mete anba kadna Eta a te fè depi Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ak adopte bidjè ane fiskal 2024 la.

Amann pou vant ilegal kanabis ki kòmanse nan 10,000 dola pa jou epi yo ka monte jiska 20,000 dola pa jou pou konduit ki pi flagran an. Yo ka enpoze yon amann adisyonèl 5,000 dola pou retire Lòd la, epi biznis yo enspekte yo kapab tou sibi vyolasyon adisyonèl ak penalite dapre Lwa Fiskalite a. Lejislasyon aplikasyon lwa yo te

adopte an me 2023 a otorize tou OCM pou chèche yon lòd tribinal Eta pou finalman mete anba kadna biznis yo jwenn k ap vyole lwa a yon fason repete. Anplis de sa, lalwa fè li vin yon krim zafè vann kanabis ak pwodwi kanabis yo san lisans.

Pou reyini plizyè nivo gouvènman an pou konbat vant kanabis ilegal, Gouvènè Hochul te anonse anvan sa patenarya ant OCM ak OAG kote minisipalite yo atravè eta a ka resevwa fòmasyon sou fason pou itilize yon dispozisyon patikilye -- Seksyon 16-A -- nouvo aplikasyon lwa Gouvènè Hochul te siyen an me 2023 pou pouswiv lòd pou mete anba kadna nan Tribinal Eta a. 16-A otorize gouvènman lokal yo, ki gen ladan avoka konte yo, avèk apwobasyon OCM, pou yo pouswiv lòd mete anba kadna yo ki soti nan yon tribinal kont yon biznis kanabis ki pa gen lisans ki te angaje nan konduit flagran. Otorite sa a ogmante anpil kapasite pou diferan nivo gouvènman an pou travay ansanm pou fèmen operatè cannabis ilegal yo.

Anplis nouvo patenarya sa yo ak lokalite yo, Gouvènè Hochul te anonse anvan sa ke plizyè ajans eta anplis pral kounye a anchaj pouvwa aplikasyon lwa biznis pa yo kòm yon pati nan apwòch kreyatif ak agresif Eta a pou konbat mache ilegal la. Depatman Travay (Department of Labor, DOL) ak Konsèy Konpansasyon Travayè (Workers Compensation Board, WCB) yo pral mete ansanm ak efò sa yo pou asire biznis k ap vann kanabis san lisans yo konfòme yo ak lwa travay ak konpansasyon travayè Eta New York yo.

Apwòch sa a, ki konbine pouvwa aplikasyon lwa travay, lwa taks, ak lwa kanabis, kapab lakòz pwopriyete biznis ki pa konfòm yo kapab fè fas a plizyè dizèn milye penalite akòz yon sèl enspeksyon ak vyolasyon, sa k ap siyifikativman amelyore kapasite Eta a pou fè reprezay sou moun ki angaje nan lavant ilegal, epi reyafime angajman pwofon Gouvènè a pou asire ke yo respekte lwa a epi pou Nouyòkè yo rete pwoteje kont pwodwi ki kapab danjere yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418